

Zita remurwere: _____

Zuva rekuongororwa _____

Kureba kwekuongororwa: kubva _____ kusvika _____

Muongorori: _____

Michel Paradis
McGill University

BILINGUAL APHASIA TEST

(SHONA VERSION)

Bvunzo yekutesita vanhu vane Afezhia muShona
yevanhu vanotaura mitauro miviri

The Bilingual Aphasia Test was adapted to Shona by McLoddy. R. Kadyamusuma.

Bvunzo dzevanhu vane Afezhia vanotaura mitauro miviri yakaiswa muShona naMcLoddy R. Kadyamusuma.

The development of the Bilingual Aphasia Test materials was supported by Grant MEQ 01-07-k (1976-1983) from the Quebec Ministry of Intergovernmental Affairs, Grant EQ 1660 (1980-1985) from the Quebec Ministry of Education FCAC Fund, and Grants 410-83-1028 (1984, 1985) and 410-88-0821 (1989-1991) from the Social Sciences and Humanities Research Council of Canada.

BILINGUAL APHASIA TEST

Shona Version

CHIKAMU CHEKUTANGA. Chikamu chakafanana mumitauro yese

NHOROONDO YEKUTAURA MITAURO MIVIRI

Mibvunzo inotevera, inofanirwa kuverengwa sezvairi, kumurwerwe. Kana murwerwe asingakwanise kupa mhinduro dzinodiwa, mumwe munhu (senge umwe wemumhuri) anokwanisa kubvunzwa mibvunzo yacho. Kumibvunzo yese inokwanisa kupindurwa kuti hongu/ kwete, isa denderedzwa “+” kana mhinduro iri “hongu”, uye isa denderedzwa pana “-” kana mhinduro iri “kwete”.

Kana mhinduro isina kupiwa kumubvunzo USASIYA PAKASHAMA. ASI isa denderedzwa kana kunyora “0” panofanirwa kuiswa mhinduro. Izvi ndizvo zvinoratidza kuti mhinduro haina kupiwa. Mumutumbi webvunzo ino mirairo yese kumuongorori inouya mushure me “***”. Mirairo iyi haifanirwe kuverengwa kumurwerwe.

*** Tanga kuverenga pano uchidadzira.

1. Zuva renyu rekuberekwa raiva chii? _____ (1)
2. Makazvarirwa kupi? _____ (2)
3. Pamakanga muchiri mwana, ndeupi mutauro wamainyanya kutaura kumba? _____ (3)
4. Muchiri mwana, pane mimwe mitauro yamaitaura kumba here? + - 0 (4)

*** Kana mhinduro kunhamba (4) iri “kwete” endai kumubvunzo (6)

5. Ndeipi mimwe mitauro yamaitaura kumba muchiri mudiki? _____ (5)
6. Nderupi rwaiva rurimi rwababa venyu? _____ (6)
7. Vaitaura mimwe mitauro here? + - 0 (7)

*** Kana mhinduro kumubvunzo kunhamba (7) uri “Kwete” enda kumubvunzo (12)

8. Ndeipi mimwe mitauro yaitaurwa nababa venyu? _____ (8)
9. Ndeupi mutauro wainyanyoshandiswa kumba nababa? _____ (9)
10. Vaitaura mimwe mitauro kumba here? + - 0 (10)

*** Kana mhinduro kunhamba (10) iri “kwete” enda kumubvunzo (12)

11. Ndeipi mimwe mitauro yaitaurwa nababa venyu kumba? _____ (11)
12. Nderupi rwaiva rurimi rwamai venyu? _____ (12)
13. Vaitaura mimwe mitauro here? + - 0 (13)

*** Kana mhinduro kunhamba (13) iri “kwete” enda kumubvunzo (18)

14. Ndeipi mimwe mitauro yaitaurwa namai venyu? _____ (14)
15. Ndeupi mutauro wainyanyoshandiswa kumba namai? _____ (15)
16. Vaitaura mimwe mitauro here kumba? + - 0 (16)

*** Kana mhinduro kunhamba (16) iri “kwete” enda kumubvunzo (18)

17. Ndeipi mimwe mitauro yaitaurwa namai venyu kumba? _____ (17)
18. Pane mumwe munhu aikuchengetai here pamanga muri mwana mudiki? + - 0 (18)

*** Kana mhinduro kunhamba (18) iri “kwete” enda kumubvunzo (25)

19. Nderupi rwaiva rurimi rwamai wemunhu akambokuchengetai? _____ (19)

20. Ane mimwe mitauro yaaitaura here? + - 0 (20)

***Kana mhinduro kunhamba (20) iri “kwete” enda kumubvunzo (25)

21. Ndeipi yaiva mimwe mitauro yake? _____ (21)

22. Ndeupi mutauro waainyanyoshandisa kumba? _____ (22)

23. Aishandisa mimwe mitauro kumba here? + - 0 (23)

***Kana mhinduro kunhamba (23) iri “kwete” enda kumubvunzo (25)

24. Ndeipi mimwe mitauro yaaitaura kumba? _____ (24)

25. Ndeupi mutauro wainyanyo kutaura nawo neshamwari muchiri mwana mudiki? _____ (25)

26. Makaenda kuchikoro kwenguva yakareba sei? _____ (26)

27. Pamakatanga chikoro mairairidzwa nemutauro upi? _____ (27)

28. Paiva nemimwe mitauro here yaishandiswa pamaidzidziswa? + - 0 (28)

*** Kana mhinduro kunhamba (28) iri “kwete” iri kwete enda kumubvunzo (30)

29. Ndeipi mimwe mitauro yaishandiswa pakurairidza muri kuchikoro?

_____ (29)

30. Ndeupi mutauro wainyanyoshandiswa nevamwe vana pachikoro penyu? _____ (30)

31. Makachinja chikoro muchienda pane chairairidzwa neumwe mutauro here? + - 0

(31)

*** Kana mhinduro kunhamba (31) iri “kwete” enda kumubvunzo (49)

32. Ndeupi waiva mutauro wacho? _____ (32)

33. Pakanga papera makore mangani pamakazochinja muchirairidzwa nemutauro iwowu? _____ (33)

34. Paiva nemimwe mitauro yaishandiswa pakurairidzwa here? + - 0 (34)

*** Kana mhinduro kunhamba (34) iri “kwete” enda kumubvuzo (36)

35. Ndeipi mimwe mitauro yaishandiswa pakurairidza? _____ (35)

36. Ndeupi mutauro wainyanyoshandiswa nevamwe vadzidzi pachikoro apa? _____ (36)

37. Wakazochinja uchienda pane chimwe chikoro chairairidza nemumwe mutauro here? + - 0 (37)

*** Kana mhinduro kunhamba (37) iri “kwete” enda kumubvunzo (49)

38. Ndeupi waiva mutauro wacho? _____ (38)

39. Pakanga papera makore mangani pamakazochinja muchirairidzwa nemutauro iwowu? _____ (39)

40. Paiva nemimwe mitauro yaishandiswa pakurairidza here? + - 0 (40)

*** Kana mhinduro kunhamba (40) iri “kwete” enda kumubvunzo (49)

41. Ndeipi yaive mimwe mitauro yaishandiswa pakurairidzwa? _____ (41)

42. Ndeupi mutauro wainyanyoshandiswa nevamwe vadzidzi pachikoro apa? _____ (42)

43. Wakazochinja uchienda pane chimwe chikoro chairairidza nemumwe mutauro here? + - 0 (43)

*** Kana mhinduro kunhamba (43) iri “kwete” enda kumubvunzo (49)

44. Ndeupi waiva mutauro wacho? _____ (44)

45. Pakanga papera makore mangani pawakazochinja uchirairidzwa nemutauro iwowu? _____ (45)

46. Paiva nemimwe mitauro yaishandiswa pakurairidza here? + - 0 (46)

*** Kana mhinduro kunhamba (46) iri “kwete” enda kumubvunzo (49)

47. Ndeipi mimwe mitauro yaishandiswa pakurairidzwa? _____ (47)
48. Ndeupi mitauro wainyanyoshandiswa nevamwe vadzidzi pachikoro apa? _____ (48)
49. Mushure mekupedza kudzidza, maiita basa rei? _____ (49)
50. Musati mava kurwara, maigona kutaura mitauro ipi? _____ (50)

CHIKAMU CHEPIRI

NHOROONDO YESHONA

Mibvunzo inotevera inofanirwa kuverengwa sezvairi kumurwere. Kumibvunzo inenge yakapiwa mhinduro kuti murwere asarudze kubva pairi isa denderedzwa pane mhinduro inoenderana neinenge yapiwa nemurwere. Kune zvimwe zvinenge zvabvunzwa isa mhinduro inoenderana.

Mumutumbi webvunzo mirairo yese kumuongorori inouya mushure me “****”. Mirairo iyi haifanirwe kuverengwa kumurwerwe.

*** Ipa nhanganyaya inotevera kumurwere woenderera mberi nemibvunzo.

Iko zvino ndichakubvunzai mibvunzo pamusoro peShona yenyu. Magadzirira here?

1. Makambogara muimwe nzvimbo yaitaurwa Shona here? + - (1)

*** Kana mhinduro iri “kwete”, enda kumubvunzo (4)

2. Ndeipi nzvimbo iyoyi? _____ (2)

3. Makagara panzvimbo iyoyi kwenguva yakareba zvakadzi _____ (3)

4. Musati matanga kurwara, Shona yenyu yaaive :

1) yakaipa 2) yakanaka 3) yakanakisisa 0 1 2 3 (4)

5. Makanga mune makore mangani pamakadzidzira kutaura Shona? _____ (5)

6. Musati matanga kurwara maitaura Shona kumba here? + - (6)

7. Maitaura Shona Kubasa here? + - (7)

8. Maitaura neShona kushamwari dzenyu here? + - (8)

9. Mumaramiro enyu maitaura Shona:

1) Mazuva ese 2) Svondo rese 3) Mwedzi wese, 4) Gore rese, 5) Pasi pekamwe chete pagore 0 1 2 3 4 5 (9)

10. Makambodzidza kuverenga Shona here? + - (10)

*** Kana mhinduro iri “kwete” enda kunhamba (18)

11. Makanga mava nemakore mangani pamakadzidza kuverenga Shona? _____ (11)

12. Musati matanga kurwara, kuverenga kwenyu muchivanhu kwaive:

1) Kwakaipa 2) Kwakanaka 3) Kwakanakisisa 0 1 2 3 (12)

13. Musati matanga kurwara, maiverenga Shona:

1) Zuva rega rega 2) Svondo rega rega 3) mwedzi wega wega 4) Gore rega rega, 5) pasi pekamwe chete pagore.

0 1 2 3 4 5 (13)

14. Makambodzidza kunyora Shona here? + - (14)

*** Kana mhinduro iri “kwete” enda kunhamba (18)

15. Makanga mava nemakore mangani pamakadzidza kunyora neShona. _____ (15)

16. Musati matanga kurwara, kunyora kwenyu neShona kwaive: 0 1 2 3 (16)

1) Kwakaipa 2) Kwakanaka 3) Kwakanakisisa

17. Musati matanga kurwara, mainyora neShona: (1)

1) Zuva rega rega 2) Svondo rega rega 3) mwedzi wega wega 4) Gore rega rega 5) Pasi pekamwe pagore. 0 1 2 3 4 5 (17)

KUTAURA CHIRIPORIPOTYO

***Rekodha maminetsi mashanu ekutaura kuriporipotyo emurwere. Basa rechikamu chino chebvunzo nderekuwana chidimu chekutaura kuriporipotyo kwemurwere, uyezve kuti muongorori abatsire murwere kuti agadzikane. Kuti murwere ataure zvakawanda unokurudzirwa kuti umubatsire nekumubvunza pamusoro pe:

- a) Pezvekurwara kwake
- b) Pebasa rake
- c) Zvakaitika kwaari paainge ari kune dzimwe nyika
- d) Pamusoro pemhuri yake

***Mushure mekunge murwere apedza kutaura, muongorori anofanirwa kudzima rekodha. Mushure mezvo muongorori anofanirwa kuisa denderedzwa pane chimwe chezvishanu zvinotevera. Mhinduro kumibvunzo iyi inofanirwa kupa pfupiso muchidimu emamiriro emutauro wemurwere zviri patepi, izvo zvizhazongororwa zvakadzama gare gare.

18. Uwandu hwezvataurwa nemurwere

1) Hapana 2) Zvishomanana 3) Pasi pemazuva ese 4) Zvamazuva ose _____ (18)

19. Kuerera kwekutaura

1) Kwakashata 2) Zviri nani 3) Kwakanaka 4) Zvamazuva ese _____ (19)

20. Mataurirwo emazwi (1)

1) Akashata 2) Zviri nani 3) Akanaka 4) Zvemazuva ese _____ (20)

21. Mutauro/ girama

1) Yakanaka 2) Ndizvowo 3) wakanaka 4) Zvemazuva ese _____ (21)

22. Mashandisirwo emazwi

1) Akanaka 2) zviri nani 3) Akanaka 4) Zvemazuva ese _____ (22)

NZWISISO YEMAZWI ANOTAURWA

*** Muchikamu chino, murwere anotarisirwa kuita zvaanenge audzwa kuti aiite. Mirairo yakapiwa inofanirwa kuverenga zvishoma nezvishoma uye zvakajeka asi nematauriro amazuva ese. Kana murwere asina kupa mhinduro mushure mamasekonzi mashanu, mupe "0" Woenda pamubvumzo unotevera. **MAKA CHETE CHINOTANGA KUBATWA NEMURWERE:**

Mhinduro dzemurwere dzinomakwa nekuisa denderedzwa pana '+', '-' kana '0' panzvimbo yakapiwa. Isa denderedzwa pana '+' kana murwere agona. Kana murwere akundikana isa denderedzwa pana '-'. Kana murwere akarega kupa mhinduro kana kuti akapa mhinduro inoratidza kuti haana kunzwisisa zvaanofanirwa kuti aiite isa denderedzwa pana "0". Semuenzaniso, murwere akanzi abate bhuku riri patafura iye obata chimwe chinhu chiri patafura. Muongorori anofanirwa kuisa denderedzwa pana '-'. Kana akasabata chinhu kana kuombera maoko, muongorori anofanirwa kuisa denderedzwa pana '0'.

KUNONGEDZERA

***Kuti chikamu chino chienderere mberi, zvinhu zvinotevera zvinofanirwa kuiswa pamberi pemurwere zvekuti anokwanisa kubata chimwe nechimwe chazvo. Zvinhu zvinofanirwa kurongwa kubva kuruboshwe tichienda kurudyi: bhatani, bhengeru hamvuropu, rin'i, bhurasho, girazi, machisi, kiyi, wachi.

*** Tanga kuverenga uchidaidzira pano apa.

23. Batai RIN'I	+ - 0 (23)
24. Batai BHATANISI	+ - 0 (24)
25. Batai MACHISI	+ - 0 (25)
26. Batai BHENGORO	+ - 0 (26)
27. Batai KIYI	+ - 0 (27)
28. Batai CHIGERO	+ - 0 (28)
29. Batai WACHI	+ - 0 (29)
30. Batai HAMVUROPU	+ - 0 (30)
31. Batai GIRAZI	+ - 0 (31)
32. Batai BHURASHO	+ - 0 (32)

MIRAIRO IRI NYORE NEIRI NYORE ZVISHOMA

***Verenga mirairo inotevera kumurwere worekodha zvaanenge ataura. Kupiwa kwezvibodzwa muchikamu chino pakuisa denderedzwa pana '+', '-' kana '0' kwakafanana nekwechikamu chekunongedzera. Zvinhu zviripatufura: mhete/ rin'i, machisi, girazi, penzura, forogo.

***Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakumbirai kuti mundiitire zvinhu zvishoma. Magadzirira here?

- | | |
|-------------------------------------|------------|
| 33. Vharai maziso enyu. | + - 0 (33) |
| 34. Vhurai murumo wenyu. | + - 0 (34) |
| 35. Simudzai ruoko rwenyu. | + - 0 (35) |
| 36. Buditsai rurimi rwenyu. | + - 0 (36) |
| 37. Womberai maoko enyu. | + - 0 (37) |
| 38. Isai rin'i pamachisi. | + - 0 (38) |
| 39. Isai girazi parutivi pepenzura. | + - 0 (39) |
| 40. Isai machisi pasi peforogo. | + - 0 (40) |
| 41. Isai penzura pamberi perin'i. | + - 0 (41) |
| 42. Isai forogo mugirazi. | + - 0 (42) |

MIRAIRO YAKAOMA

*** Nhamba 43 kusvika 47 mirairo yakaoma. Murairo wese (zvichisanganisira mirairo mitatu miduku) inofanirwa kuverengwa semutsara umwe chete kumurwere. Mumutsara wega wega murwere achakumbirwa kuti aite chimwe chinhu nezvinhu zvitatu. Zvinhu izvozvi zvinofanira kunge zviripadyo zvokuti murwere anoogona kuzvibata.

Kana murwere agona (kuita zvole semabvunziro aanenge aaitwa) isa denderedzwa pana "+". Kana asina kugona zvese, maka mirairo yaanenge agona zvisinei nemabvunzirwo azvaitwa. Zvichireva kuti murwere anopiwa 3 kuratidza kuti agona zvese asi asina kutevedzera hurongwa hwaanenge abunzwa nawo. Murwere anopiwa 2 kuratidza kuti agona mirairo miviri zvisinei nemabvunzirwo azvaitwa.

Zvinhu zvekushandisa: Zvidimu zvemapepa matatu (diki, repakati uye hombe); mapenzura matatu (Bhuruu, yero, tsvuku), Madhora (diki, repakati nepakati nehombe).

- | | |
|--|----------------|
| 43. Pano pane mapepa matatu.
Ndipei diki racho, moisa repakati nepakati pachidya, morasa hombe racho. | + 3 2 1 0 (43) |
| 44. Pano pane mapenzura matatu.
Donhedzai yeyero yacho pasi, mondipa yebhuruu, monhonga tsvuku yacho. | + 3 2 1 0 (44) |
| 45. Pano pane makobiri matatu
Sandudzirai kobiri hombe kwandiri, motenderedza repakati nepakati, mofukidza diki racho neruoko rwenyu. | + 3 2 1 0 (45) |
| 46. Pano pane zvimiti zvitatu.
Isai chipfupi mugirazi, mondipa chepakati nepakati, morova rova patebhuru nechihombe chacho. | + 3 2 1 0 (46) |
| 47. Pano pane mabhuku matatu.
Vhurai rekutanga, mopidigura rechipiri, mosimudza rechitatu. | + 3 2 1 0 (47) |

KUNZWA MAZWI WOSHANDISA NZEVE KUTAURA KANA AKAFANANA

*** Muchikamu chino murwere anofanirwa kubata mufananidzo unomirira izwi raanenge anzwa. Mufananidzo wega wega une nhamba pamusuro kurudyi. Pane izwi rimwe nerimwe rinonzwikwa nemurwere isa denderedzwa panhamba yemufananidzo (1-4 kana X) inobatwa nemurwere. Kana murwere akarega kubata mufananidzo isa denderedzwa pana '0' panzvimbo yakapihwa.

***Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchanzwa izwi, batai mufananidzo unoratidza zvinoreva izwi irori. Kana pasina mufananidzo unoratidza zvinoreva izwi irori batai vara guru "X". Semuenzaniso, ndikati "vana" munobata mufananidzo uyu nokuti ndiwo uri kuratidza vana. Ndikati "shiri" munobata vara X nokuti hapana mufananidzo une shiri papeji iyoyi. Magadzirira here?

48. BANGA	X	1	2	3	4	0	(48)
49. NESI	X	1	2	3	4	0	(49)
50. DHADHA	X	1	2	3	4	0	(50)
51. SHETI	X	1	2	3	4	0	(51)
52. ZUVA	X	1	2	3	4	0	(52)
53. BHURU	X	1	2	3	4	0	(53)
54. MINI	X	1	2	3	4	0	(54)
55. HUKU	X	1	2	3	4	0	(55)
56. VARA	X	1	2	3	4	0	(56)
57. NDIRO	X	1	2	3	4	0	(57)
58. SORA	X	1	2	3	4	0	(58)
59. MHUKA	X	1	2	3	4	0	(59)
60. CHENI	X	1	2	3	4	0	(60)
61. RUVA	X	1	2	3	4	0	(61)
62. BIKA	X	1	2	3	4	0	(62)
63. DZIMA	X	1	2	3	4	0	(63)
64. MOTA	X	1	2	3	4	0	(64)
65. NJIVA	X	1	2	3	4	0	(65)

NZWISISO INOBUDA KUBVA PAKUVAKWA KWEMUTSARA

***Muchikamu chinotevera murwere anofanirwa kubata mufananidzo unomirira zviri kutaurwa mumutsara kupfura mimwe yese. Mitsara inofanirwa kuverengwa nematauriro amazuva ose. Mhinduro yemurwere inomakwa nekuisa denderedzwa panhamba yemufananidzo waanenge anongedzera panzvimbo yakapiwa. Kana murwere asina kupa mhinduro mushure memasekenzi mashanu, isa denderedzwa pana '0' woenda pane mubvunzo uri pamberi. Murwere anofanirwa kuva nemufananidzo yechikamu "Chenzwisiso inobuda kubva pakuvakwa kwemitsara" pamberi pake zvinoita kuti zvine nyore kuti anongedzere mufananidzo waanenge achida kusarudza.

***Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchanzwa mutsara. Batai mufananidzo unoratidza zvinorehwa nemutsara. Saka ndikati "Mukomana akagara" munobata mufananidzo uri kuratidza mukomana akagara.

*** Peji yekutanga

66. Vasikana vari kutandanisa mukomana.	1	2	3	4	0	(66)
67. Mukomana ari kutandanisa musikana.	1	2	3	4	0	(67)
68. Ari kumutandanisa.	1	2	3	4	0	(68)
69. Ari kuvatandanisa.	1	2	3	4	0	(69)
70. Vari kuvatandanisa.	1	2	3	4	0	(70)

*** Peji yepiri

71. Vabereki vari kugeza mwana.	1	2	3	4	0	(71)
72. Amai vari kugeza vana vavo.	1	2	3	4	0	(72)
73. Vari kumugeza.	1	2	3	4	0	(73)
74. Vari kuzvigeza.	1	2	3	4	0	(74)
75. Ari kuzvigeza.	1	2	3	4	0	(75)
76. Vari kumugeza.	1	2	3	4	0	(76)

***Peji yetatu

77. Mukomana ari kusandudzira vasikana.	1	2	3	4	0	(77)
78. Ari kumusandudzira.	1	2	3	4	0	(78)
79. Vari kumusandudzira.	1	2	3	4	0	(79)
80. Ari kuvasandudzira.	1	2	3	4	0	(80)

***Peji yena

81. Musikana ari kusandudzira mukomana.	1	2	3	4	0	(81)
82. Mukomana ari kusandudzira musikana.	1	2	3	4	0	(82)
83. Mukomana ari kusandudzirwa nemusikana.	1	2	3	4	0	(83)
84. Musikana ari kusandudzirwa nemukomana.	1	2	3	4	0	(84)
85. Mukomana ndiye anosandudzira musikana.	1	2	3	4	0	(85)
86. Musikana ndiye anosandudzira mukomana.	1	2	3	4	0	(86)
87. Mukomana ndiye anosandudzirwa nemusikana.	1	2	3	4	0	(87)
88. Musikana ndiye anosandudzirwa nemukomana.	1	2	3	4	0	(88)

***Peji yeshanu

89. Imbwa iri kuruma katsi.	1	2	3	4	0	(89)
90. Katsi iri kuruma imbwa.	1	2	3	4	0	(90)
91. Imbwa iri kurumwa nekatsi.	1	2	3	4	0	(91)
92. Katsi iri kurumwa nembwa.	1	2	3	4	0	(92)
93. Imbwa ndiyo iri kuruma katsi.	1	2	3	4	0	(93)
94. Ikatsi iri kuruma imbwa.	1	2	3	4	0	(94)
95. Ikatsi iri kurumwa nembwa.	1	2	3	4	0	(95)
96. Imbwa ndiyo iri kurumwa nekatsi.	1	2	3	4	0	(96)

***Peji yetanhatu

97. Rori iri kudhonza mota.	1	2	3	4	0	(97)
98. Mota iri kudhonzwa nerori.	1	2	3	4	0	(98)
99. Rori iri kudhonzwa nemota.	1	2	3	4	0	(99)
100. Mota iri kudhonza rori.	1	2	3	4	0	(100)
101. Irori iri kudhonza mota.	1	2	3	4	0	(101)
102. Imota iri kudhonzwa nerori.	1	2	3	4	0	(102)
103. Imota iri kudhonza rori.	1	2	3	4	0	(103)
104. Irori iri kudhonzwa nemota.	1	2	3	4	0	(104)

***Peji yenomwe

105. Amai vari kupfekedza mwana wavo.	1	2	3	4	0	(105)
106. Baba vari kupfekedza mwana wavo.	1	2	3	4	0	(106)
107. Vari kuzvipfekedza hembe.	1	2	3	4	0	(107)
108. Vari kuvapfekedza hembe.	1	2	3	4	0	(108)
109. Vari kumupfekedza.	1	2	3	4	0	(109)
110. Ari kuzvipfekedza hembe.	1	2	3	4	0	(110)

***Peji yesere

111. Musikana haasandudzire mukomana.	1	2	0			(111)
112. Mukomana haasandudzire musikana.	1	2	0			(112)
113. Musikana haasandudzirwe nemusikana.	1	2	0			(113)
114. Mukomana haasandudzirwe nemusikana.	1	2	0			(114)

***Peji yenonwe

115. Musikana haadire mukomana.	1	2	0	(115)
116. Mukomana haadire musikana.	1	2	0	(116)
117. Musikana anodirwa nemukomana.	1	2	0	(117)
118. Mukomana haadirwe nemusikana.	1	2	0	(118)
119. Musikana haadirwe nemukomana.	1	2	0	(119)
120. Musikana anodirwa nemukomana.	1	2	0	(120)

***Peji yegumi.

121. Rori haidhonze mota.	1	2	0	(121)
122. Rori haisi kudhonzwa nemota.	1	2	0	(122)
123. Mota haidhonzi rori.	1	2	0	(123)
124. Mota haisi kudhonzwa nerori.	1	2	0	(124)

***Peji yegumi neimwe

125. Chikomana hachimutsi amai vacho.	1	2	0	(125)
126. Amai havamutsi chikomana.	1	2	0	(126)
127. Chikomana hachimutswi naamai.	1	2	0	(127)
128. Amai havamutswi nechikomana.	1	2	0	(128)

***Peji yegumi nembiri.

129. Imbwa hairumwe nekatsi.	1	2	0	(129)
130. Katsi hairumwe nembwa.	1	2	0	(130)
131. Imbwa hairume katsi.	1	2	0	(131)
132. Katsi hairume imbwa.	1	2	0	(132)

*** Peji yegumi netatu

133. Murume haatsvodi mukadzi.	1	2	0	(133)
134. Mukadzi haatsvodiwe nemurume.	1	2	0	(134)
135. Mukadzi haatsvodi murume.	1	2	0	(135)
136. Murume haatsvodiwe nemukadzi.	1	2	0	(136)

***Peji yegumi nena

137. Ndiratidzei amai vemwana.	1	2	0	(137)
--------------------------------	---	---	---	-------

***Peji yegumi neshanu

138. Ndiratidzei sekuru vemuzukuru.	1	2	0	(138)
-------------------------------------	---	---	---	-------

***Peji yegumi netanhatu

139. Ndiratidzei vhasi reruva iri.	1	2	0	(139)
------------------------------------	---	---	---	-------

***Peji yegumi nenonwe

140. Ndiratidzei maneja wechitoro.	1	2	0	(140)
------------------------------------	---	---	---	-------

***Peji yegumi nesere

141. Ndiratidzei bhuku remunyorori.	1	2	0	(141)
-------------------------------------	---	---	---	-------

***Peji yegumi nepfumbamwe

142. Ndiratidzei vatenzi vembwa. 1 2 0 (142)

***Peji yemakumi maviri

143. Ndiratidzei chiremba wemurwere. 1 2 0 (143)

***Peji makumi maviri neimwe

144. Ndiratidzei mutyairi wemotokari. 1 2 0 (144)

***Peji yemakumi maviri nembiri

145. Ndiratidzei amai vemwana. 1 2 0 (145)

***Peji yemakumi maviri netatu

146. Ndiratidzei muzukuru wasekuru. 1 2 0 (146)

***Peji yemakumi maviri nena

147. Ndiratidzei ruva revhasi iri. 1 2 0 (147)

***Peji yemakumi maviri neshanu

148. Ndiratidzei chitoro chamaneja uyu. 1 2 0 (148)

***Peji yemakumi maviri netanhatu

149. Ndiratidzei munyori webhuku iri. 1 2 0 (149)

***Peji yemakumi maviri nenomwe

150. Ndiratidzei imbwa yatenzi. 1 2 0 (150)

***Peji yemakumi maviri nesere

151. Ndiratidzei chiremba wemurwere. 1 2 0 (151)

***Peji makumi maviri nepfumbamwe

152. Ndiratidzei motokari yemutyairi. 1 2 0 (152)

DZAMBIRINGA MUNYEMBA

*** Muzvikamu zvinotevera usaverenga nhamba iri pamberi pesarudzo dzakapiwa kuti murwere asarudze kubva padziri. Unongofanirwa kuverenga mazwi acho akateedzana uchingomira zvishoma pamaverengerero ako.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchanzwa mazwi mana. Ndiudzei kuti nderipi izwi risingakwani muboka irori. Semuenzaniso mukanzwa mazwi anotevera ngowani, girovhisi, nzou, hembe. Munosarudza nzou.

153. 1) chibage 2) nyimo 3) poto 4) nzungu 1 2 3 4 0 (153)

154. 1) muriwo 2) mango 3) mabhanana 4) magwavha 1 2 3 4 0 (154)

155. 1) ruoko 2) tsoka 3) sokisi 4) nzeve 1 2 3 4 0 (155)

156.	1) chigaro	2) tafura	3) mubhedha	4) motokari	1	2	3	4	0	(156)
157.	1)nyenganyenga	2) bakayau	3) njiva	4) gondo	1	2	3	4	0	(157)

MAZWI ANOREVA ZVAKAFANANA

*** Mira zvishoma woverengera murwere mirairo inotevera:

Iko zvino muchanzwa izwi rimwe chete. Ndinoda kuti mundipe rimwe izwi rinoreva zvakafanana naro. Ndichakupai sarudzo ina. Somuenzaniso ndotanga ndati “bhachi” shure kwacho ndokupai sarudzo ina: “tafura”, “imba”, “jasi”, “motokari” Pakadaro imi munosarudza “jasi” nokuti ndiro rinoreva zviri padyo “kubhachi”.

158. CHITURU	1) vhasi	2) penzura	3) sofa	4) wachi	1	2	3	4	0	(158)
159. WACHI	1) shangu	2) bhokisi	3) banana	4) chiringazuva	1	2	3	4	0	(159)
160. PENZURA	1) chinyoreso	2) ngowani	3) ndiro	4) pichisi	1	2	3	4	0	(160)
161. MANYATERA1)	vhiri	2) shangu	3) tsamba	4) bindu	1	2	3	4	0	(161)
162. CHIKEPE	1) machisi	2) ngarava	3) pepanhau	4) muti	1	2	3	4	0	(162)

MAZWI ANOPIKISANA

*** Mira zvishoma woverengera murwere mirairo inotevera:

Iko zvino muchanzwa izwi rimwe chete mobva mapiwa sarudzo ina. Iko zvino ndinoda kuti musarudze izwi rinopikisana nerandinenge ndatanga kukupai. Somuenzaniso, mukanzwa kuti “padyo” mozonzwa sarudzo dzinoti “imba”, “kure”, “pazasi”, “guru”, munosarudza “kure”. Magadzirira here?

163. KUFARA	1) kunyevanuka	2) kusuruvara	3) mbozha	4) mwana	1	2	3	4	0	(163)
164. DEMA	1) kunyara	2) rima	3) jena	4) kunyarara	1	2	3	4	0	(164)
165. DUKU	1) hombe	2) dzaru	3) sviba	4) diki	1	2	3	4	0	(165)
166. MURWERE	1) kutsamwa	2) mwii	3) mupenyu	4) mutano	1	2	3	4	0	(166)
167. ZVAKAIPA	1) zvakanaka	2) nzira	3) zvinosekesa	4) kukanganisa	1	2	3	4	0	(167)

*** Mira zvishoma woverengera murwere mirairo inotevera:

Pane zvinotevera, mazwi acho anotaridzika zvakafanana, ASI RIMWE CHETE bedzi ndiro rinopikisana nerekutanga. Magadzirira?

168. KUSHATA	1) kunaka	2) hunaku	3) zvakanakisisa	1	2	3	4	0	(168)
169. KUNYARARA	1) ruzha	2) zvine ruzha	3) zviruzha	1	2	3	4	0	(169)
170. KUSURUVARA	1) zvine mufaro	2) mufaro	3) kufara	1	2	3	4	0	(170)
171. KUKASIKA	1) kunonoka	2) chinono	3) zvishomashoma	1	2	3	4	0	(171)
172. HUSHINGI	1) chenjerera	2) zvachenjera	3) kuchenjera	1	2	3	4	0	(172)

KURAMBA KANA KUBVUMA MITSARA ZVICHENDERANA NEKUUMBWA KWAYO

*** Pamhinduro idzi maka “+” kana murwere ati hongu. Maka “-” kana murwere ati “kwete”.

*** Mira zvishoma pano woverenga mirairo inotevera kumurwere.

Iko zvino muchanzwa mitsara. Ndiudzei kana mitsara inotevera yakanatsombwa zvakanaka muShona. Semuenzaniso, ndikati “Mukomana akagara pachigaro”, uyu Mutsara wakaumbwa zvakanaka saka munoti “hongu”. Asi ndikati “Vakomana zvituru gara” munoti “kwete”. Magadzirira here?

173. Musikana ari kusandudzira mukomana.	Sarudzo	+	-	0	(173)
174. Amai zviri kukapfekedza musikana.	Sarudzo	+	-	0	(174)
175. Makatsi iri kuruma nembwa.	Sarudzo	+	-	0	(175)
176. Mukomana charitsvoda musikana.	Sarudzo	+	-	0	(176)

177. Rori iri kudhonzwa nemotokari.	Sarudzo + - 0 (177)
178. Irori dhonza motokari.	Sarudzo + - 0 (178)
179. Musikana kudiridza mukomana.	Sarudzo + - 0 (179)
180. Chikomana haamuki mai vake.	Sarudzo + - 0 (180)
181. Mukomana anosandudzira musikana.	Sarudzo + - 0 (181)
182. Imbwa iruhamwe nekatsi.	Sarudzo + - 0 (182)

ZVINOREHWA NEMITSARA IYI ZVINOGONEKA HERE

*** Mira zvisvoma pano woverenga mirairo inotevera kumurwere.

Mitsara inotevera yakaumbwa zvakanaka muShona. Asi mimwe yacho zvainoreva hazvikwanisi kuitika. Ndichakuverengerai mitsara inotevera imi mondiudza kana zvainoreva zvichigoneka. Ndikati "Anogera bvudzi rake nepenzura" munoti "kwete" nokuti hatigere nepenzura. Ndikati "Anogera bvudzi rake nechigero" munoti hongu nokuti ndochatinogera nacho.

183. Zuva rinopenya manheru.	Sarudzo + - 0 (183)
184. Katsi yakagara pamusoro pemba.	Sarudzo + - 0 (184)
185. Maruva anokura mubota.	Sarudzo + - 0 (185)
186. Mwedzi unobuda kubva mumba.	Sarudzo + - 0 (186)
187. Akapfeka sutu itsva nhasi.	Sarudzo + - 0 (187)
188. Vanobhutsura motokari dzavo kubasa.	Sarudzo + - 0 (188)
189. Nyama yakadya imbwa.	Sarudzo + - 0 (189)
190. Vadya mabhasikoro pakudya kwamangwanani.	Sarudzo + - 0 (190)
191. Anokamura bvudzi rake akamira pamberi pegirazi.	Sarudzo + - 0 (191)
192. Anonwa mavhu kana kuchipisa.	Sarudzo + - 0 (192)

KUDZOKORORA MAZWI ESHONA NEMAZWI ASINGAREVI CHINHU, NEKUSARUDZA KANA MAZWI AUNOPIWA ACHIWANIKWA MUSHONA.

*** Muchikamu chino murwere ari kuongororwa zvinhu zviviri: 1) Kuti anogona kudzokorora mazwi mumashure mekunge ataurwa here. 2) Kwaniso yekuziva anova mazwi neasiri mazwi muShona. Pazwi rega rega tanga waverenga womirira kuti murwere adzokorore izwi iroro. Murwere anofanirwa kudzokorora izwi semaverengerwo arinenge raitwa. Maka "+" kana adzokorora chaizvo chaizvo, maka "-" kana murwere atadza kudzokorora. Kana akarega kutaura chinhu mushure memasekonzi mashanu isa denderedzwa pana "0".

*** Mushure mekunge murwere adzokorora (kana kutadza kudzokorora izwi) mubvunze kana riri izwi rinowanikwa muShona. Maka "+" kana mhinduro iri "hongu", maka "kwete" (kana risiri izwi). Kana murwere asina kupa mhinduro mushure memasekenzi mashanu, isa denderedzwa pana '0' woenda pane izwi repamberi. Tambira kudzungudza musoro semhinduro kubva kumurwere.

***Batidza tepi rekodha wotanga kuverenga pano.

Ndichakukumbirai kuti mudzokorere mazwi anotevera. Mamwe emazwi aya anowanikwa muShona. Asi mamwe haasi mazwi emuShona uye haana zvaanoreva. Dzokororai mumashure mangu mondiudza kuti izwi remuShona here. Magadzirira here?

193. GOTA	kudzokorora + - 0 (193)
	Mhinduro + - 0 (194)
195. PESI	kudzokorora + - 0 (195)
	Mhinduro + - 0 (196)
197. HANGA	kudzokorora + - 0 (197)
	Mhinduro + - 0 (198)
199. PI	kudzokorora + - 0 (199)
	Mhinduro + - 0 (200)
201. HETI	kudzokorora + - 0 (201)
	Mhinduro + - 0 (202)

203. DE	kudzokorora	+ - 0	(203)
	Mhinduro	+ - 0	(204)
205. ZEI	kudzokorora	+ - 0	(205)
	Mhinduro	+ - 0	(206)
207. DUKU	kudzokorora	+ - 0	(207)
	Mhinduro	+ - 0	(208)
209. IGI	kudzokorora	+ - 0	(209)
	Mhinduro	+ - 0	(210)
211. RUVA	kudzokorora	+ - 0	(211)
	Mhinduro	+ - 0	(212)
213. PINI	kudzokorora	+ - 0	(213)
	Mhinduro	+ - 0	(214)
215. HARA	kudzokorora	+ - 0	(215)
	Mhinduro	+ - 0	(216)
217. BORA	kudzokorora	+ - 0	(217)
	Mhinduro	+ - 0	(218)
219. ITO	kudzokorora	+ - 0	(219)
	Mhinduro	+ - 0	(220)
221. FENI	kudzokorora	+ - 0	(221)
	Mhinduro	+ - 0	(222)
223. BAKO	kudzokorora	+ - 0	(223)
	Mhinduro	+ - 0	(224)
225. DARE	kudzokorora	+ - 0	(225)
	Mhinduro	+ - 0	(226)
227. GIRA	kudzokorora	+ - 0	(227)
	Mhinduro	+ - 0	(228)
229. DOVI	kudzokorora	+ - 0	(229)
	Mhinduro	+ - 0	(230)
231. KEJO	kudzokorora	+ - 0	(231)
	Mhinduro	+ - 0	(232)
233. PABA	kudzokorora	+ - 0	(233)
	Mhinduro	+ - 0	(234)
235. FEMA	kudzokorora	+ - 0	(235)
	Mhinduro	+ - 0	(236)
237. GEJO	kudzokorora	+ - 0	(237)
	Mhinduro	+ - 0	(238)
239. WAMA	kudzokorora	+ - 0	(239)
	Mhinduro	+ - 0	(240)
241. BEREKA	kudzokorora	+ - 0	(241)
	Mhinduro	+ - 0	(242)
243. BOPOMA	kudzokorora	+ - 0	(243)
	Mhinduro	+ - 0	(244)
245. DURURA	kudzokorora	+ - 0	(245)
	Mhinduro	+ - 0	(246)
247. BERI	kudzokorora	+ - 0	(247)
	Mhinduro	+ - 0	(248)
249. GAKAVA	kudzokorora	+ - 0	(249)
	Mhinduro	+ - 0	(250)
251. KAPETI	kudzokorora	+ - 0	(251)
	Mhinduro	+ - 0	(252)

*** Mira zvishoma pano woverenga mirairo inotevera kumurwere.

Iko zvino muchanzwa mitsara yeShona. Chamunongofanirwa kuita imi kudzokorora mushure mangu. Magadzirira here?

253. Mukomana ari kusandudzira musikana.	+ - 0	(253)
254. Vari kuvatandanisa.	+ - 0	(254)
255. Imbwa ndiyo inoruma katsi.	+ - 0	(255)

256. Mukomana ndiye ari kutandaniswa nemusikana.	+ - 0 (256)
257. Motokari haisi kudhonzwa nerori.	+ - 0 (257)
258. Vari kuzvipfekedza.	+ - 0 (258)
259. Murume haisi kutsvoda mukadzi.	+ - 0 (259)

ZVINHU ZVINOTEVEDZERANA.

*** Muchikamu chino murwere anogotarirwa kuti ataure zvinhu zvinotevedzerana. Isa denderedzwa pana “+” kana murwere agona kupa mazwi anotevedzerana. Isa denderedzwa pana “-” kana achinge akanganisa, kana kusirira kana kuwedzera kana kushandura hurongwa hwacho. Kana murwere asina kutaura kana izwi isa denderedzwa pana ‘0’:

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

260. Domai mazuva ari musvondo.	+ - 0 (260)
261. Munogona kundiverengerawo kubva pane imwe kusvika pamakumi maviri neshanu.	+ - 0 (261)
262. Ndipeiwo mazita emwedzi yegore.	+ - 0 (262)

KUTAURA ZVINOERERA

*** Chikamu chino chionoongorora kuti murwere anogona kupa mazwi achibva mupfungwa anotanga nevara raanenge apiwa. Chakanyanya kukosha pano uwandu hwemazwi anogona kutaurwa nemurwere MUMINITI IMWE CHETE.

***Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchikamu chino ndichakukumbirai kuti mundipe mazwi anotanga nevara randinenge ndakupai akawanda sezvamunogona. Semuenzaniso ndikati ndipeiwo mazwi anotanga na‘S’, munondipa mazwi anenge sipo, simendi, sauti, sadza. Magadzirira?

Ndinoda kuti mundipe mazwi anotanga nevara ‘P’. Edzai kutaura akawanda seamunogona, muchikurumidza sezvamunogona.

263. Mazwi ose anotanga nevara rabvunzwa?	+ - 0 (263)
264. Uwandu hwemazwi asina kuumbwa zvakanaka?	_____ (264)

Iko zvino chindipai mazwi anotanga na ‘F’

265. Mazwi ose anotanga nevara rabvunzwa.	+ - 0 (265)
266. Uwandu hemazwi asina kuumbwa zvakanaka.	_____ (266)

Iko zvino chindipai mazwi anotanga na“k”

267. Mazwi ose anotanga nevara rabvunzwa.	+ - 0 (267)
268. Uwandu hwemazwi asina kuumbwa zvakanaka.	_____ (268)

KUTAURA MAZITA EZVINHU

*** Muchikamu chinotevera murwere anofanirwa kupa mazita ezvinhu zvaanenge aratidzwa. Simudza chinhu chacho kuti murwere anyatsochiona zvakanaka. Murwere haafanirwe kuona zvinhu zvaanenge achizobvunzwa mazita azvo asati ava kupa zita racho.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakuratidzai zvinhu, ndinoda kuti mudiudze mazita azvo. Magadzirira?

269. BHUKU	+ - 0 (269)
270. MAGIRAZI	+ - 0 (270)
271. KIYI	+ - 0 (271)
272. KAPU	+ - 0 (272)
273. TAI	+ - 0 (273)
274. CHIGERO	+ - 0 (274)
275. CHIPUNU	+ - 0 (275)
276. BHENGERO	+ - 0 (276)
277. PENZURA	+ - 0 (277)
278. MAKASA	+ - 0 (278)
279. BHURASHO	+ - 0 (279)
280. BHATANISI	+ - 0 (280)
281. MUDZANGA	+ - 0 (281)
282. FOROGO	+ - 0 (282)
283. MUNHENGA	+ - 0 (283)
284. RIN'I	+ - 0 (284)
285. KENDURU	+ - 0 (285)
286. HAMVUROPU	+ - 0 (286)
287. JIRA	+ - 0 (287)
288. WACHI	+ - 0 (288)

KUUMBA MITSARA

Muchikamu chino murwere anofanirwa kuumba mitsara achishandisa mazwi auchamuverengera. Pamutsara wega wega unofanirwa kuongorora kuti: 1) murwere anopa mhinduro here; 2) kuti mutsara wapiwa wakaumbwa zvakanaka muShona; 3) kuti mutsara wacho unoreva chinhu here; 4) kuti murwere ashandisa mazwi ese aapihwa. 5) Uwandu hwemazwi ashandiswa mumutsara unofanirwawo kuverengwa.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakupai mazwi. Nemazwi aya ndinoda kuti muvake mutsara mupfupisa uye uri nyoresa. Semuenzaniso, ndikakupai mazwi “gonhi”, “vhura”, “nesi”, munoedza kuumba mutsara muchishandisa mazwi ese, sekuti “Nesi avhura gonhi.” Magadzirira here?

289. Imba/ katsi	Mhinduro yapihwa?	+ - 0 (289)
	Mutsara wakaumbwa zvakanaka muShona here?	+ - 0 (290)
	Zvine musoro here zvataurwa nemurwere?	+ - 0 (291)
	Uwandu hwemazwi apiwa pakutanga ashandiswa?	_____ (292)
	Mazwi ese ashandiswa?	_____ (293)
294. Chigaro/ chiremba/ gara	Mhinduro yapihwa?	+ - 0 (294)
	Mutsara wakaumbwa zvakanaka muShona here?	+ - 0 (295)
	Zvine musoro here zvataurwa nemurwere?	+ - 0 (296)
	Uwandu hwemazwi apiwa pakutanga ashandiswa?	_____ (297)
	Mazwi ese ashandiswa?	_____ (298)
299. Tafura/ tora/ bhuku	Mhinduro yapihwa?	+ - 0 (299)
	Mutsara wakaumbwa zvakanaka muShona here?	+ - 0 (300)
	Zvine musoro here zvataurwa nemurwere?	+ - 0 (301)
	Uwandu hwemazwi apiwa pakutanga ashandiswa?	_____ (302)
	Mazwi ese ashandiswa?	_____ (303)

304. Muti/ kusvibira/ shizha/ ona	Mhinduro yapihwa?	+ - 0 (304)
	Mutsara wakaumbwa zvakanaka muShona here?	+ - 0 (305)
	Zvine musoro here zvataurwa nemurwere?	+ - 0 (306)
	Uwandu hwemazwi apiwa pakutanga ashandiswa?	_____ (307)
	Mazwi ese ashandiswa	_____ (308)
309. penzura/ nyora/ nhema/ bepa.	Mhinduro yapihwa?	+ - 0 (309)
	Mutsara wakaumbwa zvakanaka muShona here?	+ - 0 (310)
	Zvine musoro here zvataurwa nemurwere?	+ - 0 (311)
	Uwandu hwemazwi apiwa pakutanga ashandiswa?	_____ (312)
	Mazwi ese ashandiswa?	_____ (313)

***Muzvikamu zvitatu zvinotevera murwere anofanirwa kupa mhinduro nemuromo. Panhamba imwe neimwe mhinduro inokwanisa kupiwa yakapiwa kurudyi. Kana murwere akapa mhinduro yakafanana neyakapiwa isa denderedzwa pana "+" WOENDA PANE NHAMBA INOTEVERA. Kana akapa imwe mhinduro, nyora mhinduro panzvimbo yakapiwa waisa denderedzwa pana "1" kana zvakanaka, isa "-" kana atadza. (muchikamu chega chega muchairidzwa kuti mhinduro yakanaka ndiyo inenge yakaita sei). Kana murwere akarega kupa mhinduro mumashure memasekenzi mashanu isa denderedzwa pana "0".

MAZWI ANOPIKISANA

*** Muchikamu chino murwere anotarisirwa kuti ape izwi rinoreva zvinopikisana nezwi rapiwa. Mhinduro yakanaka kana izwi richireva zvinopesana nerapiwa pakutanga, asi risina kuumbwa zvakanaka nereketanga.. Muchikamu chino murwere mushure mekupiwa izwi ENDA, akati, USAENDE anenge atadza wobva waisa denderedzwa pana ("-"). Zvisinei kuti anenge apa izwi rinopikisa haana kupa Izwi RAKASIYANA nereketanga pamaumbirwo aro.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakupai izwi. Imi mondipa izwi rinoreva zvinopikisana naro. Ndikati, "GURU", imi moti "DUKU" nokuti "guru" ne "diki" zvinoreva zvinopikisana. Magadzirira here?

314. CHOKWADI	+ MANYEPO	kana kuti _____	1 - 0 (314)
315. GARA	+ SIMUKA	kana kuti _____	1 - 0 (315)
316. MUROMBO	+ MUPFUMI	kana kuti _____	1 - 0 (316)
317. NONOKA	+ KURUMIDZA	kana kuti _____	1 - 0 (317)
318. MUREFU	+ MUPFUPI	kana kuti _____	1 - 0 (318)
319. VHARA	+ VHURA	kana kuti _____	1 - 0 (319)
320. KUREMA	+ KURERUKA	kana kuti _____	1 - 0 (320)
321. KUKWIRIRA	+ KUDZIKIRA	kana kuti _____	1 - 0 (321)
322. KUPFAVA	+ KUOMA	kana kuti _____	1 - 0 (322)
323. CHIKOBVU	+ CHITETE	kana kuti _____	1 - 0 (323)

MAZWI ANOBVA PAMUDZI MUMWE CHETE:

*** Muchikamu chinotevera, kana murwere ataura izwi rakafanana neriri kurudyi isa denderedzwa pana "+" woenderera mberi. Kana murwere apa imwe mhinduro tenderedza pana "1" wonyorera panzvimbo yakapiwa kana mudzi waro wakafanana nezwi rekutanga kana richishandisika mumutsara: "Murume _____."

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Iko zvino muchanzwa izwi. Shandurai izwi iri kuti rive chipauro Somuenzaniso , ndikati "zvkapfava" imi munoti "akapfava"

324. SIMBA	+ ANESIMBA	kana kuti _____	1	-	0	(324)
325. KUKUDZIKANA	+ ANOKUDZIKANA	kana kuti _____	1	-	0	(325)
326. UCHENJERI	+ MUCHENJERI	kana kuti _____	1	-	0	(326)
327. NATSA	+ NYATSO	kana kuti _____	1	-	0	(327)
328. UNYORO	+ MUNYORO	kana kuti _____	1	-	0	(328)
329. HUDIKI	+ MUDIKI	kana kuti _____	1	-	0	(329)
330. KUGADZIKANA	+ DZIKAMA	kana kuti _____	1	-	0	(330)
331. RUDADO	+ ANODADA	kana kuti _____	1	-	0	(331)
332. RUNYARARO	+ KUNYARARA	kana kuti _____	1	-	0	(332)
333. ZHOWEZHOWE	+ ANEZHOHWEZHOWE	kana kuti _____	1	-	0	(333)

MAZWI ANOPIKISANA AKASIYANA ZVISHOMA MAMAUMBIRWO AWO

*** Muchikamu chinotevera, murwere akapa izwi rakafanana neriri kutarisirwa isa denderedzwa pana “+” woenderera mberi. Kana murwere akapa imwe mhinduro, nyora panzvimbo yakapiwa woisa denderedzwa pana “1” kana richireva zvinopikisana uye izwi racho rine mudzi mumwechete nerekutanga. Semuenzaniso, mushure mekupiwa ENDA, murwere akapa USAENDE, anenge agona. Asi mhinduro yekuti dzoka anenge atadza.

334. VIMBA	+ KUSAVIMBIKA	kana kuti _____	1	-	0	(334)
335. ZVINOONEKA	+ ZVISINGAGONEKE	kana kuti _____	1	-	0	(335)
336. MIRA	+ USAMIRE	kana kuti _____	1	-	0	(336)
337. SUNGA	+ USASUNGE	kana kuti _____	1	-	0	(337)
338. KUONEKA	+ KUSAONEKA	kana kuti _____	1	-	0	(338)
339. KUREMEKEDZA	+ KUSAREMEKEDZA	kana kuti _____	1	-	0	(339)
340. KUNANGISA	+ KUSANANGISA	kana kuti _____	1	-	0	(340)
341. KUDZIDZA	+ KUSADZIDZA	kana kuti _____	1	-	0	(341)
342. KUGONEKA	+ KUSAGONEKA	kana kuti _____	1	-	0	(342)
343. KUTENDESEKA	+ KUSATENDESEKA	kana kuti _____	1	-	0	(343)

KUTSANANGURA

*** Muchikamu chino murwere anoratidzwa mifananidzo yaanofanirwa kushandisa pakuumba nyaya. Mifananidzo yacho ine musoro unoti NYAYA KUBVA PAKATUNI. Mifananidzo iyi inofanirwa kuramba iri panoonekwa nemurwere paanenge achitaura nyaya. Murwere anofanirwa kupiwa maminiti maviri kuti ataure nyaya yacho. Mushure mekunge murwere apedza muongorori anofanirwa kuisa denderedzwa pakafanira pamibvunzo 344, 345, ne 346.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakuratidzai mapikicha matanhatu. Mapikicha aya pamwechete anoumba kanyaya kadiki. Tarisai pamapikicha mondiudzawo kanyaya kadiki.

344. Uwandu hwezvataurwa nemurwere.		0	1	2	3	(344)
0) Hapana zvataurwa,	1) Zvishoma shoma,					
	2) Zviri pasi pezvinotarirwa,					
	3) zvezvazuva ese.					
345. Murwere ataura kusvika pekupedzisira here?			+	-		(345)
346. Murwere:						
1) Angotsangura mapikicha chete here?						
2) Ataura nyaya yakanatsorukana here?						
3) Haana kuita chimwe chezviri pamusoro.		1	2	3		(346)

KUITA MASVOMHU ARI NYORE NEMUSORO

*** Muchikamu chino murwere anotarisiwa kuita mazvomhu anotevera nemusoro. Mubvunzo umwe neumwe unofanirwa kuverengwa semanyorerwo awakaitwa. Mhinduro inotarisiwa yakapiwa kurudyi. Kana zvirizvo zvinopiwa nemurwere, ingoisa denderedzwa pana "+". Kana murwere akatadza isa denderedzwa pana "-" Kana murwere akarega kupa mhinduro mushure memasekenzi GUMI , isa denderedzwa pana "0" woenderera mberi. Mushure mekutadza kashanu kakateedzana kana mekurega kupa mhinduro, isa denderedzwa pana "0" pane mibvunzo yasara woenda pane chikamu chemberi (NZWISISO INOBUDA PAKUTEERA)

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakubvunzai mibvunzo yemasvomhu. Edzai kundipa mhinduro sekukasika kwamunogona.

Tinowana chii

347. Tikawedzera ZVISHANU pane ZVINA?	PFUMBAMWE	+ - 0	(347)
348. Tikabvisa ZVIVIRI kubva paNOMWE?	SHANU	+ - 0	(348)
349. Tikapeta zviriri katatu?	TANHATU	+ - 0	(349)
350. Zvitatu zvinopinda kangani mune pfumbamwe?	KATATU	+ - 0	(350)
351. Tikawedzera zvitanhatu pane ZVINOMWE?	GUMI NETATU	+ - 0	(351)
352. Tikabvisa zvipfumbamwe pane makumi maviri neimwe?	GUMI NEMBIRI	+ - 0	(352)
353. Tikapeta ZVINA kaTANHATU?	MAKUMI MAVIRI NENA	+ - 0	(353)
354. ZVINA zvinopinda kangani mune GUMI NEMBIRI?	KATATU	+ - 0	(354)
355. Tikawedzera makumi maviri nembiri pane gumi nena?	MAKUMI MATATU NETANHATU	+ - 0	(355)
356. Tikabvisa makumi maviri kubva pamakumi mana netanhatu?	MAKUMI MAVIRI NESHANU	+ - 0	(356)
357. Tikapeta GUMI NEMBIRI kaTATU?	Makumi-matatu nenhanhatu	+ - 0	(357)
358. ZVINA zvinopinda kangani MUMAKUMI MATANHATU?	Gumi neshanu	+ - 0	(358)
359. Tikawedzera GUMI NENOMWE pane GUMI NESERE?	Makumi-matatu neshanu.	+ - 0	(359)
360. Tikabvisa gumi neshanu pane makumi matatu nembiri?	Gumi nenomwe.	+ - 0	(360)
361. Tikapeta GUMI NENA KATATU?	Makumi-mana-nembiri	+ - 0	(361)

NZWISISO INOBVA PAKUTEERERA

*** Verenga mirairo nenyaya inotevera kumurwere. Mubvunze mibvunzo mishanu inotevera womaka mhinduro dzake '+ kana zvakanaka, kana akati haazivi kana kusapa mhinduro mupe '0'.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchanzwa kanyaya kadiki. Nyatsotererai kukanyaya ikaka mumashure ndichazokubvunzai mibvunzo. Magadzirira here?

Nemugovera sekuru vakenda kunovhima nembwa yavo musango nekuti vakanga vasisina chekusevesa sadza. Mushure mekunge vamutsa tsuro imbwa yakaruma tsuro pahuro asi ikazoipunyutsa. Vakadzokera kumba vasina chinhu.

362. Sekuru vakaenda kunovhima kupi?	+ - 0	(362)
363. Raiva zuva ripi resvondo?	+ - 0	(363)
364. Sekuru vakamutsa chii?	+ - 0	(364)
365. Sei sekuru vakaenda kunovhima?	+ - 0	(365)
366. Sei Sekuru vakadzoka vasina chavabata?	+ - 0	(366)

KUVERENGA

*** Muchikamu chinotevera murwere anofanirwa kuverenga mazwi achidaidzira. Paizwi rega rega isa denderedzwa pana "+" kana agona kuverenga achidaidzira, isa denderedzwa pana "-" kana achinge atadza, woisa denderedzwa pana "0" kana asina chaataura.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Muchapihwa mazwi ekuverenga. Muaverenge muchidaidzira. Magadzirira here?

367.	DANGA	+	-	0	(367)
368.	FESI	+	-	0	(368)
369.	GUVA	+	-	0	(369)
370.	CHURU	+	-	0	(370)
371.	BHINI	+	-	0	(371)
372.	ZORA	+	-	0	(372)
373.	RUKA	+	-	0	(373)
374.	PENI	+	-	0	(374)
375.	NYIKA	+	-	0	(375)
376.	BOTA	+	-	0	(376)

*** Chimbomira zvishoma wozoverenga mirairo inotevera kumurwere.

Iko zvino ndinoda kuti muite zvimwe chetezvo nemitsara inotevera. Verengai mitsara iyoyi muchidaidzira. Magadzirira here?

377.	Vasikana vari kutandanisa mukomana.	+	-	0	(377)
378.	Vari kuzvigeza.	+	-	0	(378)
379.	Imbwa iri kurumwa nekatsi.	+	-	0	(379)
380.	Rori ndiyo iri kudhonzwa nemota.	+	-	0	(380)
381.	Mukomana haasandudzire musikana.	+	-	0	(381)
382.	Rori haisi kudhonzwa nemota.	+	-	0	(382)
383.	Imbwa ndiyo iri kurumwa nekatsi.	+	-	0	(383)
384.	Ari kuvatandanisa.	+	-	0	(384)
385.	Musikana ari kusandudzirwa nemukomana.	+	-	0	(385)
386.	Mukomana haatsvodiwe nemusikana.	+	-	0	(386)

Muchikamu chinotevera, murwere anofanirwa kuverenga kanyaya kanotevera muchinyararire ozopindura mibvunzo inotevera. Murwere anofanirwa kupiwa masekenzi makumi manomwe.

*** Tanga kuverenga uchidaidzira.

Ndichakupai kanyaya kadiki kekuti muverenge. Verengai kanyaya aka kamwe chete muchinyararire. Mozondiudza kana mapedza kuverenga ndigozokubvunzai mibvunzo. Magadzira here?

Amai nemwana wavo vakaenda kumunda kwavo kunotora chibage. Vakaisa chibage mubhakitiki kusvika razara. Vakadzokera kumba, ndokusvikochinjana bhakitiki rechibage nembudzi imwe chete nevaida chibage.

387.	Amai vakaenda nani?	+	-	0	(387)
388.	Amai nemwana wavo vakaendepi?	+	-	0	(388)
389.	Vakaitei pavakasvika kumunda?	+	-	0	(389)
390.	Vakaisa pai chibage chavo?	+	-	0	(390)
391.	Vakaitei nechibage chavo?	+	-	0	(391)
392.	Vakapihwei pachibage chavo?	+	-	0	(392)

*** DZIMA TEPI REKODHA IKO ZVINO***

KUKOPONORA

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Ndichakupai mazwi andinoda kuti mutarise paari. Shandisai penzura iyi. Kopai izwi rimwe nerimwe papepa apa.

393.	VHESI	+	-	0	(393)
394.	DHUKU	+	-	0	(394)
395.	MBUVA	+	-	0	(395)
396.	BHARA	+	-	0	(396)
397.	SUKA	+	-	0	(397)

KU DAIDZIRA MAZWI MURWERE ACHINYORA PASI

*** Chimbomira zvisihoma

Iko zvino ndichakuverengerai mazwi. Imi munenge muchianyora pasi. Magadzirira here?

398.	CHIVA	+	-	0	(398)
399.	PIMA	+	-	0	(399)
400.	N'ANGA	+	-	0	(400)
401.	RARA	+	-	0	(401)
402.	PINI	+	-	0	(398)

KU DAIDZIRA MITSARA MURWERE ACHINYORA PASI

403.	Vari kumudhonza.	+	-	0	(403)
404.	Ari kuidhumira.	+	-	0	(404)
405.	Murume ari kutsvodiwa nembwa.	+	-	0	(405)
406.	Mukomana haasandudzire motokari.	+	-	0	(406)
407.	Musikana ndiye ari kutsvoda amai.	+	-	0	(407)

NZWISISO MUSHURE MEKOVERENGA MAZWI

*** Muzvikamu zviviri zvinotevera murwere anofanirwa kuverenga mazwi MUCHINYARARIRE shure kwazvo ozonogedzera mufananidzo unoenderana nezvinorehwa nezwi iroro. Paizwi rega rega isa denderedzwa panhamba yemufananidzo inonogedzerwa nemurwere nekuisa denderedzwa panhamba inoenderana.

*** Tanga kuverengenga pano uchidaidzira.

Muchapiwa mazwi ekuti muverenge. Batai mufananidzo unoratidza zvinorehwa nezwi iroro. Magadzirira here?

408.	DANGA	1	2	3	4	0	(408)
409.	FESI	1	2	3	4	0	(409)
410.	GUVA	1	2	3	4	0	(410)
411.	CHURU	1	2	3	4	0	(411)
412.	BHINI	1	2	3	4	0	(412)
413.	ZORA	1	2	3	4	0	(413)
414.	RUKA	1	2	3	4	0	(414)
415.	PENI	1	2	3	4	0	(415)
416.	NYIKA	1	2	3	4	0	(416)
417.	BOTA	1	2	3	4	0	(417)

NZWISISO MUSHURE MEKOVERENGA MITSARA

***Chimbomira kwekanguva wozoverenga mirairo inotevera kumurwere.

Iko zvino ndinoda kuti muite zvimwezvo nemitsara inotevera. Verenga mitsara inotevera muchinyararire wozobata mufananidzo unoratidza zvinoreva mitsara iwowo.

418.	Vasikana vari kutandanisa mukomana.	1	2	3	4	0	(418)
419.	Vari kuzvigeza.	1	2	3	4	0	(419)
420.	Imbwa iri kurumwa nekatsi.	1	2	3	4	0	(420)
421.	Rori ndiyo iri kudhonzwa nemota.	1	2	3	4	0	(421)
422.	Mukomana haasandudzire musikana.	1	2	3	4	0	(422)
423.	Rori haisi kudhonzwa nemota.	1	2	3	4	0	(423)
424.	Imbwa ndiyo iri kurumwa nekatsi.	1	2	3	4	0	(424)

425.	Ari kuvatandanisa.	1	2	3	4	0	(425)
426.	Musikana ari kusandudzirwa nemukomana.	1	2	3	4	0	(426)
427.	Mukadzi haatsvodiwe nemurume.	1	2	3	4	0	(427)

KUNYORA

*** Chimbomira zvishoma. IPA murwere pepa rekunyorera woita kuti anyore chiriporipotyo kwemamanitsi mashanu.

*** Tanga kuverenga pano uchidaidzira.

Iko zvino ndinoda kuti mutore chinguvana mondinyorerawo pamusoro peurwere hwenyu. Shandisai bepa nepunzura iyi.

Zvimwewo zvawaona pawanga uchitesita murwere zvisina kubatwa kana kubvunza nemibvunzo yawabva kupedza kupa murwere.
